

Edikasyon Lokaté epi Lign Sipò Legal (REÈL)

Kijan Pou Ou Repon-n A Ka Eviksyon Ou



Legal Services of Greater Miami, Inc.

www.lsgmi.org

www.real-lsgmi.com

ENTRODIKSYON

Yo mete ou deyò nan kay ou. Ou itilize mo sa-a epi ou tande lòt moun itilize-l, men kisa sa mo sa-a vle di? Eh byen, eviksyon se on fason legal ke mét kay ou a rantre an posesyon apatman-an. Gende moun ki lwe on “duplex,” on kay, on “condo” o sinon lwe sa ki rele “trailer” a. Enfòmasyon ki nan livré sa-a aplike a tout moun. Sepandan, nou pral itilize mo apatman paske li pi fasil epi li pi konvenyan a tout moun. Si ou genyen on kay mobil men ou lwe espas kote li ye a, epi propriété espas la ap eseye mete ou deyò avék kay mobil ou a, refere ou nan livré sa-a pou enfòmasyon espesyal konsénan ka ou a.

Pou ou kòmanse on eviksyon, jeneralman mét kay la dwe ba ou on notis pa ekri. Si ou pa fé sa notis la mande ou pou ou fé a, o sinon ou pakite kay la, alò mét kay la pral fé on aksyon eviksyon nan Tribinal Vil la kont ou. Ou repon-n a eviksyon sa-a lé ou voye/pote on papye nan tribinal la ki rele repons. Apré sa ou gen on jijman final epi ou di jij la sa ou te di nan repons ou an. Objektif livré sa-a se pou ede ou prepare repons pa ou.

NÓT: Si ou pa peye lweyaj ou o sinon ou pa soti nan kay la lé mét kay ou a mande pou ou sòti a, mét kay ou a paka chanje seri kay ou, koupe kouran ou/itilite ou, o sinon fé on ken-n lòt bagay ki ka fòse ou kite kay la Sa rele on eviksyon ilegal o sinon on "pratik ke la lwa entédi" epi sa se on vyolasyon Ak Mét Kay/ Lokaté (Landlord/Tenant Act). Li ka fét kay ou a responsab devan ou pou twa fwa lajan lweyaj ou peye a, o sinon domaj aktyél, kélkeswa sa ki ro a, epi fré epi depans avoka . Chak fwa ke mét kay ou a komét on aksyon ki entédi, li se on vyolasyon pou kont li. Pa egzamp, si mét kay ou a koupe dlo ou on jou, epi konekte li ankò, epi twa jou apré sa li chanje seri kay ou, sa se de vyolasyon diferan ke ou ka atake li nan jistis pou li. Koupe dlo ou fé mét kay ou a responsab pou twa fwa lajan lweyaj ou dwe a epi chanje seri kay ou fé mét kay ou a responsab pou on lòt twa lajan lweyaj ke ou peye nòmalmman.

Si mét kay ou a fé youn nan aksyon sa yo ki entédi pou li fé yo, ou ta dwe wé on avoka pou ou ka jwen on lòd enjonksyon pou òdone mét kay ou a pou li konekte itilite ou yo o sinon pou li kite ou rantre nan apatman-an ankò. Si ou pa vle rantre nan kay la ankò epi ou vle atake mét kay la nan jistis pou domaj epi enterè, ou ka fé on aksyon nan ti tribinal piti/Small Claims Court pou kont ou si ou ap atake li pou mwens ke \$5,000.00.

Se sélman on jij ki ka òdone ou pou ou kite kay ou. Jan mét kay ou a mande ou pou ou fé sa-a, tankou nou te di deja, se pou li fé on aksyon eviksyon nan Tribinal Konte a. Ou jwen on fotokopi eviksyon an epi ou repon-n li, o sinon pou nou di sa on lòt fason, di jij la pouki sa li pa ta dwe mete ou deyò nan kay la.

REZON KI KA FÈ YO METE OU DEYÓ NAN KAY OU A

Nan Florid gen rezon pouki yo ka mete ou deyò nan kay ou: ou pa peye lajan lweyaj ou, ou vyole on akò nan kontra ou, yo te ba ou on notis apropiye pou ou kite kay ou epi ou pat fé sa, o sinon kontra erki ou a ekspire epi ou pa kite kay la. Nou pral pale de chak rezon sa yo de fason separe epi nou pral di ou kisa pou ou genyen nan repons ou an.

• Pa Peye Lajan Lweyaj

Si yo ap mete ou deyò nan kay ou paske ou pa peye lweyaj ou, defans ou pral depan-n de ki kalite lokaté ou ye. Si ou se on lokaté prive epi ou gen on kontra ekri, ou dwe li kontra ou a pou ou wé kombyen tan ou genyen pou ou peye lweyaj la lé yo ba ou on notis ekri pou ou peye lweyaj ou. Si li pa nan kontra ou o sinon ou pa gen on kontra ekri, alò ou dwe resevwa on notis pa ekri Notis Twa Jou Pou ou Peye Lweyaj ou.

Si ou nan **kay piblik** yo ka mete ou deyò sélman pou on seri rezon, tankou ou pat peye lweyaj ou o sinon ou vyole kontra o sinon on seri régleman epi regilasyon. Si ou **"Section 8" o sinon lòt kalite kay ke gouvénman-an finanse**, ou dwe li kontra ou a pou ou ka wé nan ki sikonstans mét kay la ka refize renouvle kontra ou o sinon mete ou deyò.

Kijan Pou ou Ekri Repons ou

Andedan ti livré sa-a ta dwe parét on féy papye ki gen pwen nesésé pou repons ou an. Premyéman ou dwe ekri nimerò ka-a epi nom chak pati yo nan tèt papye sa-a. Yo rele sa-a “style of the case”(stil ka-a). Mét kay la se moun ki rele “Plaintiff” la, ou men-m ou se “Defendant.”

Prochénman ou bezwen li plent lan ki pou mete ou deyò a epi repon-n a chak paragaf yo ki nan plent lan. Ou repon-n lé ou ekri nan repons ou an ke wa ou admét o sinon ou refize sa ki di nan chak paragaf. Pa egzamp, paragaf (1) li ka di konsa ke ou se lokaté a. Ou dwe admét sa-a si ou se lokaté. Gen on lòt paragaf ki di konsa ke ou dwe lweyaj o

sinon ou pa respekte kontra-a epi si ou ap di ke se pa vre, ou dwe refize paragraf sa-a.

Apré ou adèt o sinon refize tout paragraf yo, alò ou ekri defans ou. Pa egzamp ou ka ekri, "ou ka di konsa ke mét kay la ap fé revanjan sou ou paske ou rele enspekté kay yo" o sinon "mwen ofri mét kay la peyman lweyaj la a lé men li pat vle aksepté li".

Apré ou fin-n ekri repons ou an, ou siyen li, enkli la dan li nom ou, adrés, epi nimero telefòn-n ou. Régleman tribinal la mande tribi pou ou voye on fotokopi repons ou an bay mét kay la o sinon avoka mét kay la lé ou fé aplikasyon ou an nan tribinal. Anba echantiyon repons ou an, ou pral wé on seksyon pou ou fé sa. Ou gen dwa a on posé ki gen man-m jiri la dan li nan ka eviksyon ou an. Ou dwe ekri nan repons ou an si ou vle jiri nan repons ou an. Men li pa on bon ide si ou reprezante té ou pou kont ou, paske li ka vin-n tré komplike.

Ki Lé epi Ki Kote Pou Ou Fé Repons

Ou dwe bay repons ou nan tribinal la nan 5^{ém} jou apré yo te sévi ou men-m o sinon on man-m moun ki nan kay ou pésonélmán o sinon apré yo fin-n tache li nan pòt ou. Senk jou yo konte tankou Twa Jou Notis Pou ou Peye Lweyaj la. Ou pa konte Samedi, Dimanch epi Jou Ferye. Jou yo sévi ou a pa konte. Jou ki vini apré li a pral 1er jou a.

Pa egzamp si yo sévi Mèkredi, Jedi se premye jou a, Vandredi se 2 jou a, Lendi se 3 jou a, Madi se 4 jou a epi Mèkredi se 5 jou a. Ou pral dwe pote repon ou nan tribinal pou pi ta 4:00pm nan 5^{ém} jou a.

Si ou pa kapab sonje ki lé yo te sévi ou papye eviksyon yo, pral papye eviksyon ou yo epi gade nan tèt paj yo. Sa-a rele on somasyon. Si ou gade nan kote dwat papye a ou pral wé mo "Somasyon". Epi tou, jeneralman nan men-m zòn-n lan, Sheriff la ekri o sinon mete on so ki di tan epi dat ou te sévi papye sa-a. Somasyon an vini ak papye eviksyon yo. Somasyon an jeneralman li tankou on Lòd ki sot nan tribinal la ki di ou konsa pou ou repon-n papye eviksyon yo nan 5 jou.

Apré tribinal la ki genyen nan "downtown on Flagler Street" la, gen lòt branch tribinal. Ou ta dwe voye repons ou an nan

branch tribinal kote mét kay ou a te fé aksyon eviksyon an. Ou ka distenge branch tribinal ki gen de nimero yo nan fen nimero ka ou a. Li pral di CC 05 o sinon CC 20, etc. Branch tribinal lokasyon yo nan fen ti livré sa-a.

Lé nou pale de fé repons ou fé nan tribinal nou vle di simpleman pou ou retounen al kote "clerk" la nan Tribinal Konte a epi di "I want to file an answer to an eviction". "Clerk" la pral pran repons ou an o sinon dirije ou bay on lòt "clerk" ki pral fé sa. Epi yo toujou pran repons orijinal la epi on fotokopi. "Clerk" la pral voye orijinal la nan tribinal epi mete so sou fotokopi ou a epi dat sou epi mete so Clerk la. Sa se fotokopi ou pou ou kenbe pou dosye pésonél ou.

Konnye a se tré empòtan. Ou dwe peye nan kés tribinal la lajan lweyaj ke ou dwe a o sinon mande Tribinal la pa ekri kòm on pati nan repons ou, pou li detémine konbyen lajan lweyaj ou dwe. Ou dwe mande Tribinal la pou on jijman pou li detémine konbyen lajan ki dwe peye nan kés Tribinal la. Si ou ap fé sa-a, ou pral bay repons ou an tit "Answer, Motion to Determine Rent and Request for Hearing." Gen on ti rezime ki nan ti livré sa-a. Ou dwe kontinye peye lajan lweyaj ou depi dat la rive nan kés tribinal la, pannan aksyon nan jistis la ap kontinye.

NÓT: Si ou pa peye lajan lweyaj la nan kés tribinal la o sinon si ou pa fé on deman-n pa ekri (mosyon) montan lajan ki dwe a epi mande jijman, nan (5) jou, san ou pa konte Samedi, Dimanch epi jou ferye legal apré dat ou resevwa aksyon eviksyon ou an, ou renonse a defans ou lòt bagay tankou peyman epi mét kay genyen otomatikman.

Si ou fé on mosyon pou detémine montan lweyaj ke ou dwe a, dokimantasyon nesésé pou ou ka prouve agiman ou ke mét kay la ap chéche touche pa eré. Pa egzamp, si ou di konsa ke ou te peye, alò ou tache resi peyman ou an. Si ou di konsa ou ap kenbe lajan lweyaj la pou ou fòse reparasyon, alò atache fotokopi lét ou te voye ale pou ou di ou ap kenbe lajan-an bay mét kay la.

Si ou abite nan "**Section 8**" o sinon lòt kay gouvénman-an finanse, ou dwe depoze sélman pati pòsyon ou peye dapré program ki finanse a.

Si yo ap mete ou deyò paske ou pat peye lweyaj epi ou te mande Tribinal la pou li detémine kombyen lajan ou dwe peye pou lweyaj o sinon ka bay on lòd baze sou sa Tribinal la li nan repons ou an.

Jijman Final o sinon Posé

Apré ou voye repons ou, mét kay la o sinon avoka mét kay la o sinon tribinal la fikse dat jijman final la. Jijman final la, ki se aktyèlman posé a, pral fèt nan men-m kote ou voye repons ou an.

Anvan jijman final la probableman ou pral nan "Mediation". Se on rankont ant ou men-m ak mét kay la epi avoka mét kay la epi on mediaté. Mediaté a pa on avoka epi li pa on jij. Mediaté a se on moun ki pran fòmasyon pou ede ou epi mét kay la jwen on solusyon ak problèm ou a. Mediasyon vle di ke ou eseye jwen on konpromi. Ou bay on ti kras de sa ou vle epi mét kay la bay tou en pe nan sa li vle pou nou jwen on aranjman. Ou toujou dwe eseye mediasyon. Si ou swete jwen on akò nan on mediasyon, alò ou siyen on papye ki rele "Stipulation" epi apré sa jij la siyen li tou. Se lòd final la nan ka ou a.

Si ou men-m epi mét kay la pa ka dakò gen de fwa ou ale dirèkteman nan posé a. Posé a ka fèt nan Twa Jou Notis la li dwe di montan lweyaj la ki dwe epi ou dwe peye lajan lweyaj la nan twa (3) jou o sinon remèt apatman-a. Notis la dwe di tou dat twazyèm jou a ke ou dwe peye lweyaj la, epi li dwe di tou ke Samedi, Dimanch, epi jou ferye pa konte lé yo ap konte twa jou yo. Jou ou jwen Notis la pa konte, jou apré li a se Notis twa jou a dwe di montan lajan lweyaj ki dwe a epi dwe di ke ou dwe peye lajan nan twa jou o sinon remèt apatman-an. Notis sa-a dwe di tou dat twazyèm jou a ke lweyaj la dwe peye a, epi li dwe di tou ke Samedi Dimanch epi jou ferye pa enkli nan twa jou yo. Jou ou resevwa Notis la pa konte, prochen jou an se premye jou a.

Pa egzamp, si ou jwen on Notis Twa Jou pou ou Peye Lweyaj ou Madi, Mèkredi pral premye jou a, Jedi pral dezyèm jou a, epi Vandredi twazyèm jou a. Ou dwe peye lweyaj la Vandredi. O sinon si ou jwen on Notis pou ou Peye Lweyaj Jedi, Vandredi se premye jou a, Samedi epi Dimanch pa konte, Lendi se dezyèm jou, epi Madi se Twazyèm jou, jou ou dwe peye lweyaj ou a.

Nan plizyè ka, Notis la ka sèlman mande lajan lweyaj la, pa fré de reta o sinon fré reparaj.

Si ou pat resevwa Notis sa-a, o sinon Notis la pat genyen sa li ta sipoze genyen, sa ka on defans pou ou pa peye lweyaj eviksyon ou an. Byenantandi peyman lweyaj se toujou on defans pou on non peyman eviksyon lweyaj.

Si ou nan **kay piblik** epi yo ap mete ou deyò paske ou pa peye lweyaj nan moman sa-a egzijans yo diferan pou ou. Ou dwe jwen on Notis pou ou Peye Lweyaj ou Nan Katòz (14) Jou. Notis lan dwe:

- di montan lajan ou dwe a;
- bay dat ki se dénye dat ou dwe peye a o sinon ou dwe soti nan kay la;
- dwe ki ou tou dwa ou genyen pou on jijman grivans si ou pa dakò ak sa ki ekri nan Notis la;
- dwe di ou konsa ke ou ka ekzamine ninpòt ki dokiman ke otorite kay piblik yo genyen ki gen a wé avé eviksyon ou an.

Si ou abite nan "**Section 8**" o sinon lòt kay ke **gouvènman-an finanse**, ou gen dwa gade kontra ou a pou ou wé valé tan ou genyen pou ou peye lweyaj ou lé ou resevwa Notis pou Peye Lweyaj ou a. Jeneralman on fotokopi kontra ou a ta dwe atache avék papye eviksyon yo.

Pe tèt ke ou pat peye lweyaj la paske ou ap eseye fòse mét kay la pou li fé reparasyon. Ou ka fé sa, men anvan ou dwe voye bay mét kay la on notis 7 jou pa ekri anvan dat lweyaj la rive, kote ou di problèm ki genyen nan apatman-an epi ke ou pa pral peye lweyaj ou jiskas ke reparasyon an fèt. Apré sa ou dwe sere lajan lweyaj la. Si ou pat bay on notis 7 jou pa ekri, alò gen on aksyon eviksyon pou non peyman lweyaj ki ka fèt kont ou jij la ka di ke ou pat gen dwa kenbe lajan lweyaj la.

• **Pa respekte Kontra o sinon Vyole Règleman epi Regilasyon**

Pe tèt yo mete ou deyò pask mét kay la di konsa ke ou pa respekte kontra-a, vyole kèlke règleman apatman, o sinon kay mobil règleman pak, o sinon ou gen on seri atitid ki pa respekte òdonans Vil kote ou ye o sinon li se on menas a sante, sekirite epi byen-ét lòt lokaté.

Si ou se on **lokaté prive** lwe kay nan men on mét kay prive epi ou gen on kontra ekri, ou ta dwe verifye premyèman nan kontra ou pou ou wé konbyen tan ou genyen pou ou korije on vyolasyon kontra règleman epi regilasyon. Si ou pa gen on kontra ekri, alò dapré la lwa Florid, mét kay la dwe ba ou o mwens 7 nan on notis pa ekri pou korije problèm nan.

Objektif pou yo ba ou notis la se pou ou ka sispan-n fé sa ke yo ap plenyen de li a. nan nan langaj legal,

Sa rele an Anglé “to cure”. Ou “cure” lé ou stope on atitid ke mét kay ou a di ke ou genyen epi ki se on vyolasyon kontra ou a o sinonlòt kalite régleman. Pa egzamp, ou jwen on notis ki di konsa ke machin-n ou an ki pap travay la ki nan “parking” lan se on vyolasyon lwa epi regilasyon. Ou retire machin-n nan, sa vle di ke ou “cured”.

Gendefwa ou pa fé sa ke notis la ap plenyen an, o sinon ou fé limen ou pa panse ke se on vyolasyon o sinon ou sispan-n sispan-n fé kélkeswa sa ki nan notis la. Sa ka on defans. Epi tou, notis la dwe espesifik. Li pa ka di konsa ke ou vyole Seksyon 12 nan kontra-a o sinon ou vyole régleman #3 pak la. Li dwe espesifik epi di kijan ou vyole régleman-an.

Si ou abite nan on **kay piblik** epi sa ou men-m o sinon on moun nan kay ou akize on aksyon ki se on menas a sante epi sekirite lòt moun ki abite nan zòn-n nan, alò ou dwe resevwa on notis 7 jou ki di ou konsa ke kontra ou témine. Ou gen dwa a on jijman a on komite ki rele “grievance panel hearing” konsénan desizyon otorite kay piblik yo pou yo témine kontra lweyaj ou a, eksepté si yo témine akò lweyaj ou a koz aktivite kriminel o sinon dròg.

Si ou abite nan kay piblik epi sa yo akize ou o sinon on moun ki abite nan kay ou a pa on menas a sante epi sekirite moun ki abite nan zòn-n nan, alò otorite kay piblik yo dwe ba ou on **30 jou notis** kote li di ou pou ou sispan-n ak atitid ou, o sinon li pral témine akò lweyaj ou.

Si ou abite nan “ **Section 8 housing**” o sinon lòt kalite kay ki finanse pa gouvénman, on fwa ankò, ou dwe gade kontra ou pou ou ka wé kombyen tan ou genyen pou ou “cure.”

- **Témine on Akò Lweyaj**

Finalman, yo ka mete ou deyò nan kay la paske akò ou fé ak mét kay la pou ou abite nan apatman-an te témine o sinon fini. Si ou se on lokaté prive epi ou genyen on kontra, sa vle di ke kontra-a ekspire e ke ou kontinye abite nan apatman-an epi ni ou men-m o sinon mét kay la pat fé on ken-n aranjman an konsekans.

Si ou se on lokaté **kay prive** ki lwe kay nan men on mét kay prive epi ou pa gen kontra, alò mét kay la dwe ba ou on notis pa ekri ki pou fé ou sòti nan kay la. Montan notis la depan-n de kombyen fwa ou peye lweyaj ou. Si ou peye lweyaj pa semén-n, ou dwe resevwa on notis 7 jou anvan lweyaj ou fini. Si ou peye lweyaj ou pa mwa, ou dwe resevwa on notis pa ekri 15 jou anvan ou dwe peye lweyaj ou.

Miami Beach gen on lwa espesyal ki mande mét kay pou bay lokaté yo 30 jou notis si lokaté a gen on kontra nan bouch epi “month to month,” o sinon gen on kontra ekri ki pa gen provizyon espesifik la dan li kote yo peye lweyaj pa mwa-a.

An Florid, si ou abite nan kay prive ki pa gen kontra ekri, mét kay ou a ka mete ou deyò pou ninpòt ki rezon, depi li pa diskriminasyon a koz ras, relijyon, koulé, seks, orijin-n nasyon, aj, handicap, stati marital, stati HIV o sinon paske ou gen timoun. Mét kay la ka mete ou deyò jis paske li pa renmen ou. Epi se pa on defans legal pou ou di konsa ke ou malad avék on nòt doktè o sinon ou gen timoun o sinon ou pa gen on ken-n kote pou ou ale.

Sepandan, ou ka di pou defans ou ke mét kay la ap eseye mete ou deyò an “retaliation.” Sa-a pa legal. “Retaliation” vle di konsa ke mét kay la eseye ogmante lajan lweyaj la, o sinon mete ou deyò, o sinon ap trete ou de fason diferan, paske ou pete plent bay on ajan gouvénman pou ninpòt ki rezon. Pa egzamp, ou te rele enspekté a paske twalét la pat bon epi mét kay la pat vle fikse li. O sinon li kapab ke mét kay la ap mete ou deyò paske ou pa depase dwa ou pou on lokaté. Pa egzamp, ou òganize tout lokaté ki nan “building” nan pou al kote mét kay la konsénan elevaté kraze a pou mét kay la fikse li.

Chamb jij la ki tankou biro jij la. Jij la chita nan tèt tab la nan biro a. Ou men-m avék avoka mét kay la chita nan nenpòt youn nan sou sou kote tab la ki nan on tab ki prolonje biro jij la. Lòt lé posé a fét nan chamb tribinal la.

Mét kay la pale anvan epi li prezante ka li. Ou kapab poze mét kay la kesyon epi temwen li yo. Sa rele an Anglé “cross examination” sa vle di se tou pa ou pou ou poze kesyon. Mét kay la fini pou prezante ka ou a. Ou ka gen temwen tou. Mét kay la o sinon avoka mét kay la ka poze ou kesyon epi temwen ou yo tou.

Jij la apré sa deside. Si jij la pran pozisyon an favé ou, pa gen eviksyon. Sepandan, gende fwa jij la ka bay kondisyon nan desizyon li. Asire ou ke ou konpran-n yo anvan ou pati.

Si ou pédi jijman Tribinal la o sinon si pat repon-n aksyon an jistis la, Tribinal la pral ran-n on jijman final ki pou mete ou deyò. Si ou pa soti nan kay la Tribinal la pral di biro “Sheriff” la pou mete ou deyò epi fanmiy ou epi tout sa ou posede deyò nan kay kote ou rete a.

Notis "Sheriff" la ba ou a rele "**Writ of Possession.**" Li ba ou 24 tré notis pou ou soti nan kay la. Si ou pa soti anvan "Sheriff" la retounen, mét kay la o sinon ajan mét kay la ka retire ninpòt propriete ke ou genyen nan kay la deyò. Epi li ka fé sa men-m ou nan kay la o sinon si o pa la, si ou gen timoun, o sinon si yo malad.

Si ou pédi eviksyon an, ou gen 30 jou pou ou fé apél. Si ou pédi epi mét kay la gen on avoka, jij la ka fé ou peye fré avoka mét kay la epi montan ou dwe mét kay la. Si mét kay la pa gen avoka, jij la toujou ka òdone ou pou peye fré mét kay la.

Mét Kay Mobil

Si ou genyen on kay mobil nan on pak kote ki genyen 10 o sinon plis "lots" ke moun lwe, epi mét kay la ap eseye mete ou deyò pou ou soti pak kay mobil la, gen on seri lwa espesyal ki aplike.

Si yo mete ou deyò pakse ou pa peye lweyaj lot la, alò mé pak kay mobil ou a dwe voye pou ou on deman-n ekri pa lét sétifye o sinon "registered mail", avék resi ki retounen jwen li, kote li ba ou 5 jou pou ou peye lweyaj la. Men-m notis dwe poste tou sou kay mobil ou a. Si ou ka peye nan 5 jou sa yo ou ta dwe fé sa. Si ou pap rive peye, epi mét lot la fé on eviksyon nan Tribinal kont ou, la lwa di konsa ke ke mét kay la ta dwe aksepte lajan lweyaj la nan men ou, avé fré de reta ak li, depi ou peye fré ou dwe yo epi fré avoka.

Sepandan, ou ka fé sa sélman de fwa. Twazyém fwa ke ka ou a al nan tribinal paske ou pa peye, mét kay la pa oblije ofri ou on chans pou ou peye lweyaj ou, fré de reta, epi fré avoka epi fré pou evite eviksyon an.

Lé ou posede kay mobil epi ou lwe lot la, nan plizyé ka fòk ou genyen de notis nimpòt vyolasyon kontra ou a o sinon régleman pak la. Premye notis la, yo dwe ba ou li nan trant (30) jou apré ou vyole kontra-a o sinon régleman yo epi tou li dwe ba ou sét (7) jou pou ou ka "cure." Se sélman apré ou vyole men-m régleman o sinon regilasyon yo o sinon kontra ou nan on dezyém fwa nan men ane a, ke mét kay la ka aplike pou on eviksyon.

Si yo akize ou de ninpòt ki aksyon ki met an danje la vi, sante, sekirite o sinon propriete rezidan ki nan pak la yo, alò mét pak la dwe ba ou on notis 7 jou ki témine akò lweyaj la.

BRANCH TRIBINAL

Nimero an parantéz yo se branch nimero tribinal yo

Miami Beach Branch (24)
(East District)
1130 Washington Avenue
Miami Beach, Florida 33139

Dade County Courthouse (05)
(Central District)
73 West Flagler Street
Miami, Florida 33130

North Dade Justice Center (23)
(North District)
15555 Biscayne Boulevard
Miami, Florida 33160

Caleb Center (20)
(North Central District)
5400 NW 22 Avenue
Miami, Florida 33142

Coral Gables Branch (25)
(South Central District)
3100 Ponce De Leon Blvd.
Coral Gables, Florida 33134

South Dade Justice Center (26)
(South District)
10710 SW 211 Street
Miami, Florida 33169

Legal Services of Greater Miami, Inc.

Biro Prinispa
3000 Biscayne Boulevard
Suite 500
Miami, Florida 33137
Telephone: (305) 576-0080
TTD: (305) 573-1578

South Dade
10720 Caribbean Boulevard
Suite 400
Miami, Florida 33189
Telephone: (305) 232-9680
TTD: (786) 242-0207

Monroe County
Telephone:(877)715-7464
TTD:(877) 715-7461



Devwe Li Avék Pasyon Pou Jistis Pou Tout Moun

Rev 10/2009

